


# Usanyengerwa

J.C. Choate

Tikarangarira, Satani wakashandisa zvitenderero senzvimbo yekunyengera. Akashandura shoko ramwari kuti anyengere Adamu naEva mubindu, uye anoshandura shoko ramwari kunyangwe nanhasi zvichibatanidzira zviratidzo zvenhema nezvishamiso (2 Tesaronika 2:9), vachinyengera vakawanda. Chenjerai uye rairwai.



# Musanyengerwa

J. C. Choate

Shoko raMwari rinotiudza zvakananyanya pamusoro pekusanyengerwa. Kunyengerwa zvinoreva kuti munhu anenge afurirwa kana kurasiswa, kunyepurwa, kuti adzidziswa ogamuchira Dzidziso dzenhema. Zvaine magwaro ekuverenga nekudzidza unogona kufunga kuti hazvisi nyore kuti munhu anyengerwe, asi zvinoitika.

Jesu anoti, “chenjerai kuti murege kutsautswa nomunhu. Nokuti vazhinji vachauya nezita rangu, vachiti: Ndini Kristu; vachitsautsa vazhinji.” (Mateo 24: 4, 5). Tarira vazhinji nhasi varikunyengerwa nevanyengeri vachizviidza Kristu kana Messiya! Ndiani angafunga kuti vanhu vakachenjera vangawira mumanyepo iwayo asi vazhinji.

Pauro anoraira achiti, “Ko hamuzivi kuti vasakarurama havangagari nhaka yovushe hwaMwari here? Musarasika; nokuti mhombwe, kana vanonamata zvifananidzo, kana vanofeva, kana vakapata, kana vanoita zvakaipa nevarume, kana mbavha, kana vanoruchiva, kana vanosinwa doro, kana vatuki, kana makororo, havangagari nhaka yovushe hwaMwari.” (1 VaKorinte 6: 9, 10). Zvekare anoti, “Musanyengerwa; hushamwari hwakaipa hunoodza tsika dzakanaka.” (1 VaKorinte 15: 33).

Achinyorera kuvaGaratia Pauro anoti, “Musanyengerwa; Mwari haasekwi; nokuti izvo zvinodyara munhu ndizvo zvaanocheka zve. Nokuti unodyarira nyama yake, uchacheka kuvora, kunobva panyama; asi unodyarira Mweya, uchacheka hupenyu husingaperi, hunobva kuMweya.” (vaGaratia 6:

7, 8).

VaEfeso vanorairwa kunzi, “ Kuti tirege kuramba tichingova vacheche, tichizungunutswa nekudzingwa nemhepo ipi neipi yokudzidzisa nokunyengera kwavanhu, namano, kuti vatsause nekunyengera.” (vaEfeso 4: 14). “Ngakurege kuva nemunhu unokunyengerai nemashoko asina mature; nokuti nemhaka yezvinhu izvi kutsamwa kwaMwari kunouya pamusoro pevanakomana vokusaterera.” (5:6).

Pauro anorangaridza hama dzepaTesaronika, “Ngakurege kuva nemunhu unokunyengerai nomutovo upi neupi; nokuti harisviki, kana kutsauka kusati kwatanga kuuya, nomunhu wezvivi, mwanakomana wokurasika, asati amovonekwa.” (2 Tesaronika 2:3). Anonyorera Timotio, “Asi vanhu vakaipa nevanyengeri vachanyanyisa pakuipa, vachitsausa vamwe nokutsauswa ivo.” (2 Timotio 3: 13).

Jakobho anonyora, “Asi ivai vaiti veshoko, musava vanzwi voga, muchizvinyengera.” (Jakobho 1:22). Uye Johane akafemerwa kuti anyore, “Kana tichiti, hatine zvivi, tinozvinyengera, zvokwadi haizi matiri.” (1 Johane 1: 8).

Kubva mundima dzemagwaro dzataverenga nedzimwe dzingangopihwa tinodzidza kuti zvinoita kuti munhu anyengerwe, kufurirwa uye kurasika muhumambo hwaMwari nekuda kwekunyengerwa.

- **Munhu anogona kuzvinyengera ega.** Anogona kuda kuita chimwe chinhu, kana kutenda chimwe chinhu, anobva aziudza kuti ndizvo chaizvo, kunyangwe zviri izvo kana kusava ndizvo. Makore akawanda akapfuura muporofita Obadia akanyora mundima yechitatu, “Kuzvikudza kwemoyo yenyu kwakakunyengerai, iyemi,”
- **Munhu anogona kupa mukana mumwe munhu kuti amunyengere.** Sezvo Pauro anorira kuna vaRoma 16: 17, 18, “.....cherekedzai avo vanopesana , navanogumbusa, vachiita zvinopesana nedzidziso yamakadzidza imi; muvanzvenge. Nokuti vakadaro havabatiri Ishe wedu Kristu, asi dumbu ravo; vanonyengera moyo yavasina zvakaipa namashoko avo akanaka, anobata kumeso.” Asi vanzwi vane rusimbiso rwakanyanya kumuparidzi kana mudzidzisi vanozviudza kuti arikudzidzisa chokwadi kunyangwe zvichipesana nzvinotaura bhaibheri.
- **Munhu anogona kunyengerwa nedzidziso dzenhema dzakazara.** Izvi zvakabva makore akawanda apfuura, uye zvakadzidziswa kwakawanda uye zvichitendwa kuti zvinogona kuva chokwadi kupfuura iro shoko raMwari, iro rinozviramba. Mashoko

aPauro kunaVaRoma 16:18, “vanonyengera moyo yavasina zvakaipa namashoko avo akanaka, anobata kumeso” zvinofanira kuva mucherechedzo wavo.

- **Munhu anogona kunyengerwa nekuda kwekutevedzera vazhinji.** Vanofunga kuti hazvina kufanira kuti vazhinji varasike, asi vanokanganwa zvakataura naJesu kuna Mateo 7: 13, 14, “...nzira yakapamhamha, inoenda kunoparadzwa; vanopinda naro vazhinji.”

Pane nzira dzakawanda dzatinogona kunyengerwa nadzo kana tichitsarisa huringwa hwaMwari hwaakagadzira pamusoro pekuponeswa kwedu, sangano, kunamata kunogamuchirika, mhando yehupenyu hwaanoda kuti tirarame, kusimbiswa kwekudzoka kwaKristu, uye mutongo unozouya uye hupenyu husingaperi. **Dzidziso dzakagadzirwa nevanhu dzirikugamuchirwa sechokwadi, chokwadi chirimumagwaro chichionekwa senhema, nekuda kwekuti vazhinji vakanzwa nhema dzevanhu zvakanyanya kudarika chokwadi chaMwari!** Tinokumbira kwazvo kuti munhu wese atevdzere shoko ramwari kana tichitarisa muviri unozoenda kudenga.

Zvinonzwisa tsitsi kuti vanhu vakanaka vazhinji vanozviudza kuti Mwari haatarisi kusamuterera kwavo vachiti havazivi kuti bhaibheri rinodzidzisa kuti kudii. Vanozvinyengera. Mwari Havana kuvimbisa kutiponesa nekuda kwekushaya hanya kwedu asi nekuda kwekuterera nekutenda.

**WORLD EVANGELISM TRACT**